

Modèl lèt pou enfòmasyon paran sou pwogrè lekòl la ap fè dapre Lwa NCLB a

Chè Paran oswa gadyen legal :

Lwa 2001 Pa kite okenn timoun rete dèyè a *No Child Left Behind* (NCLB) se yon Lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Li fè lekòl yo pran responsablite pou rezilta yo, mete adispozisyon paran yo pi bon chwa, epi ankouraje metòd ansèyman ki mache byen. Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) pran angajman ede tout lekòl rive atenn nivo pèfòmans siperyè pou reyisit elèv yo, epi bay chak timoun nan chak lekòl bonjan kalite edikasyon. N ap fè pwogrè, men gen anpil travay ki rete pou nou fè pou tout timoun nou yo.

Nan mwa Janvye 2007, Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) detèmine lekòl nan vil Nouyòk ki bezwen amelyorasyon dapre règleman federal NCLB yo. Nou te klase lekòl yo nan youn nan kategori sila yo : Lekòl Tit I ki bezwen amelyorasyon *Schools in Need of Improvement* (SINI) – 1^{ye} ane, SINI Tit I – 2^{yèm} ane, Lekòl Tit I k ap pran mezi pi sevè pou amelyore pèfòmans – 1^{ye} ane, Lekòl Tit I k ap pran mezi pi sevè pou amelyore pèfòmans – 2^{yèm} ane, e k ap planifye pou reòganize I, Lekòl Tit I k ap reòganize I - 1^{ye} ane, oswa Lekòl Tit I k ap reòganize I - 2^{yèm} ane, oswa Lekòl Tit I k ap reòganize I - 3^{yèm} ane. Sa vle di lekòl sa yo jis kounye a, pa fè sa yo rele pwogrè anyèl sifizan *Adequate Yearly Progress* (AYP) pou satisfè nivo pèfòmans leta egzijje nan Lang e Literati angle *English Language Arts* (ELA), Matematik oswa Syans oubyen toulede.

Nou fè anpil efò pou ofri bonjan kalite pwogram ansèyman ki ka satisfè pi byen bezwen pitit ou a. Nou gen konfyans tout mezi entèvansyon ak tout nouvo pwogram enteresan nou te entwodui nan tout lekòl nan vil Nouyòk yo pral fè pitit ou a gen siksè ane eskòlè sa a. Men kèk mezi entèvansyon ak pwogram nou te mete ann aplikasyon :

- Òpotinite fòmasyon pwofesyonèl pou tout pwofesè k ap baze sou nouvo estrateji pou ede elèv ki gen difikilte;
- Jounen lekòl pi long ki kòmanse bonè lematen, ki pral pèmèt gen 2 pwofesè nan plizyè klas;
- Gid pou fòmasyon nan domèn Alfabetizasyon ak Matematik nan lekòl nou yo ki pral travay ak pwofesè yo chak jou pou amelyore kalite ansèyman an;
- Nouvo estrateji pou pwofesè anseye mwens elèv nan klas elèv ki gen difikilte yo;
- Kontinye anplwaye pwofesè ki gen bonjan kalifikasyon, e ki sètifye pou anseye nan klas yo;
- Plis lè pou Lektik ak Matematik nan klas yo;
- Estrateji pou ogmante kantite elèv ki prezan chak jou; epi
- Ogmante pwogram pou patisipasyon paran yo.

N ap mande w ede pitit ou a lè w asire w li vini lekòl chak jou alè. Asire w li fè tout devwa l ak pwojè lekòl yo alè. N ap envite w tou patisipe nan tout aktivite lekòl yo. Rete an kontak avèk Koòdonatè paran lekòl la, epi avèk pwofesè pitit ou a pou swiv pwogrè akademik pitit ou a. Di pwofesè yo, si ta vin gen yon pwoblèm, ou vle yo fè w konnen byenvit pou w ka travay avèk yo pou jwenn yon solisyon. N ap ankouraje w tou pou w vin yon manm aktif nan Asosyasyon paran *Parents' Association* (PA) lekòl la ak nan Komite dirijan lekòl la *School Leadership Team* (SLT).

Dapre Lwa federal NCLB 2001 an, kèk elèv ki nan lekòl yo idantifye kòm lekòl ki bezwen amelyorasyon yo kalifye pou Sèvis edikasyon siplemantè *Supplemental Educational Services* (SES). SES se sèvis leson patikilye oswa kou ratrapaj gratis founisè Leta Nouyòk apwouve yo bay apre lekòl oswa nan *weekend*. Si pitit ou a kalifye pou dejene gratis, e si li nan yon lekòl yo kalifye kòm yon lekòl ki bezwen amelyorasyon depi dezan oswa plis, w ap kapab chwazi yon founisè nan lis leta apwouve yo. N ap voye enfòmasyon espesifik sou pwogram SES yo ba paran elèv ki kalifye yo nan yon biyè apa.

Dapre Lwa NCLB a, NYCDOE ap bay elèv ki nan yon lekòl yo kalifye kòm lekòl ki bezwen amelyorasyon opòtinite chwazi transfere nan yon lòt lekòl leta yo pa idantifye kòm yon lekòl ki bezwen amelyorasyon. Lwa federal la egzijje, lè y ap ofri transfè, pou yo sèvi anvan elèv ki gen plis difikilte lekòl, e ki nan yon fanmi ki pa p fè anpil lajan. N ap voye plis enfòmasyon ak aplikasyon yo ba paran elèv ki kalifye yo yon lòt lè.

Si w ta renmen enfòmasyon sou jan yo konpare pèfòmans akademik lekòl pitit ou a ye pa rapò ak lòt lekòl nan distri a, ou ka mande Koòdonatè paran nan lekòl pitit ou a yon kopi rapò sou lekòl la. Ou ka jwenn tout rapò sou lekòl yo tou sou sit wèb NYCDOE nan <http://schools.nyc.gov/daa/SchoolReports/default.asp>.

Yo planifye yon reyinyon paran nan chak lekòl yo idantifye yo pou reponn tout kesyon ou ta vle poze osijè mezi entèvansyon ak pwogram nou site pi wo yo pou amelyore lekòl la. Nan reyinyon sa a, yo pral ba w plis enfòmasyon sou pwosesis transfè ak SES nan lekòl leta yo.

Nou remèsye w pou sipò w toujou ba nou ak pou kooperasyon w. N ap swete yon ane plen siksè pou elèv nou yo ak kominote lekòl yo. Si w ta vle poze nenpòt kesyon oswa si w ta gen kèk enkyetid, tanpri pa ezite kontakte Direktè oswa Koòdonatè Paran nan lekòl pitit ou a.